


# Kisa Preskripsyon Elektwonik ye?



N ap voye preskripsyon ou yo ant òdinatè pwofesyonèl swen sante ki ekri preskripsyon an ak òdinatè famasi a. Preskripsyon elektwonik se yon metòd san papyè. Ou p ap resevwa yon preskripsyon sou papyè ankò nan klinik doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante.

Apati 27 mas 2016, Lwa Eta New York sou Sante Piblik egzije pou pwofesyonèl swen sante ou preskri ou tout medikaman sou preskripsyon sou fòm elektwonik (e-prescribe) dirèkteman nan famasi ou. Yo p ap ekri preskripsyon yo ankò oswa yo p ap rele famasi ou, sof nan sikonstans limite.

## Avantaj e-prescribing

- Amelyorasyon pwoteksyon pasyan an
- Mwens erè nan medikaman yo akòz preskripsyon ki ekri alamen
- Mwens erè nan medikaman yo akòz preskripsyon yo bay nan telefòn san moun ki resevwa yo pa konprann yo
- Mwens risk pou preskripsyon ekri yo pèdi oswa egare

## Fason ou kapab prepare pou pwochen vizit ou nan klinik lan

- Vini avèk tiliv la oswa dènye paj la pou ede ou sonje kesyon ou yo.
- Prepare enfòmasyon sou famasi ou disponib (non, adrès ak nimewo telefòn).
- Prepare enfòmasyon sou nenpòt lòt famasi ou ka chwazi yo, si premye chwa ou pa disponib.
- Konnen medikaman w ap pran yo.
- Mande pwofesyonèl swen sante ki ekri preskripsyon ou yo kisa l ap preskri ou nan chak randevou.
- Mande nan ki famasi yo te transmèt preskripsyon anvan ou kite klinik lan.
- Fè famasyon ou konnen yon ti tan apre vizit nan klinik lan si ou pa bezwen medikaman an touswit.

## Kesyon moun poze souvan sou preskripsyon elektwonik

### 1. Pou kisa mwen pa resevwa yon preskripsyon sou papye ankò?

Apati 27 mas 2016, Lwa Eta New York sou Sante Piblik egzije pou pwofesyonèl swen sante ou preskri ou tout medikaman sou preskripsyon sou fòm elektwonik dirèkteman nan famasi ou. Yo p ap ekri preskripsyon yo ankò oswa yo p ap rele famasi ou, sof nan sikonstans limite.

### 2. Kijan pou mwen konnen sa yo te preskri a?

Mande pwofesyonèl swen sante ki ekri preskripsyon ou yo kisa l ap preskri ou nan chak randevou. Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou yon lis medikaman l ap preskri ou epi l ap voye preskripsyon an sou fòm elektwonik ba famasi ou.

### 3. Èske mwen toujou kapab resevwa yon preskripsyon sou papye?

Non. Pwofesyonèl swen sante ou dwe preskri ou tout medikaman sou preskripsyon sou fòm elektwonik dirèkteman nan famasi ou. Sèlman nan sikonstans ki ra, pwofesyonèl swen sante ou ap gen pèmision pou bay yon preskripsyon sou papye.

# Enfòmasyon sou Famasi Ou

Itilize seksyon sa a pou fè pwofesyonèl swen sante ou konnen kote ou vle egzekite preskripsyon ou yo. Sa ap ede pwofesyonèl swen sante ou swiv enfòmasyon sou famasi ou.

Non ou: \_\_\_\_\_

Adrès ou: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Telefòn selilè ou: \_\_\_\_\_

Telefòn lakay ou: \_\_\_\_\_

Famasi ou (premye chwa): \_\_\_\_\_

Adrès famasi a: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Nimewo telefòn famasi a: \_\_\_\_\_

Famasi (dezyèm chwa): \_\_\_\_\_

Adrès famasi a: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Nimewo telefòn famasi a: \_\_\_\_\_

Itilize espas sa a pou lòt enfòmasyon pwofesyonèl swen sante ki preskri medikaman an ka bezwen konnen:

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

[www.health.ny.gov/professionals/narcotic/](http://www.health.ny.gov/professionals/narcotic/)

